
Kategori : KONSÈY EDIKASYON POU KOMINOTE
COMMUNITY EDUCATION COUNCILS
(CEC) Pibliye : 30/10/2014. Nimewo : **D-140**

Sijè : PWOSESIS POU CHWAZI KANDIDA AK MANM KONSÈY EDIKASYON POU Paj : 1 nan 1
CEC EPITOU POU METE FONKSYONÈ NAN PÒS VID YO

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a an vigè apati dat yo afiche l epi li mete ajou ak ranplase CR D-140 ki gen dat 26 jen 2012.

Chanjman :

- Dapre dènye amannman nan Dwa sou Eta Nouyòk *New York State* (NYS), yo ajoute nan definisyon tèminoloji "paran ELL" paran yon timoun ki swa yon ELL oswa ki te yon ELL dezan anvan. (Al gade paj 2, seksyon II.D)

REZIME

Chak distri lekòl kominotè dwe gen yon CEC ki genyen 11 manm ki ka vote ak yon manm ki pa ka vote ki se yon elèv. Yo chwazi nèf nan manm yo dapre pwosedi yo tabli nan Règleman sa a epi manm sa yo, lè y ap chwazi yo, dwe se paran elèv nan klas Jadendanfan jiska klas 8yèm grade nan yon lekòl ki nan distri lekòl kominotè a. Se Prezidan Borough a ki nonmen de lòt manm ki ka vote yo. Règleman sa a eksplike kondisyon pou kalifye kòm kandida ak pwosedi pou nonmen kandida ak pou chwazi manm CEC yo. Li endike tou pwosesis pou mete manm nan pòs vid yo. Chak CEC ap fè tout travay ak pran tout responsablite l dapre Lwa Vil Nouyòk sou Reyinyon piblik.

I. ELIJIBLITE**A. Paran**

1. Paran¹ elèv nan klas *Kindergarten* jiska 8yèm grade ki nan yon lekòl ki sou jiridiksyon distri lekòl kominotè kote paran yo vle ofri sèvis yo nan CEC a elijib pou deziyen tèt yo kòm kandida. Yo detèmine elijiblite apati dat paran an soumèt yon aplikasyon pou l poze kandidati l pou yon pòs nan yon CEC. Yon paran ki elijib lè l soumèt aplikasyon an dwe, si yo eli l, kapab fè tout tan manda dezan li a nan CEC a, menmsi pitit li gradye nan klas 8yèm grade ak/oswa sispann ale nan yon lekòl ki sou kontwòl distri lekòl kominotè a pandan manda paran an.²
2. Moun sa yo pa kalifye dapre lalwa :
 - a. Moun yo eli nan yon pòs piblik oswa moun yo nonmen oswa eli nan pòs yon pati (eksepte delege oswa delege pwovizwa nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè leta, yon kongrè lejislatif, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan komite yon rejyon *county*);
 - b. Anplwaye k ap travay nan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) ;
 - c. Moun yo jwenn ki koupab yon deli grav, oswa yo te retire nan yon Komite Lekòl kominote, yon CEC, oswa yon Konsèy Vil la pou yon move zak ki gen rapò dirèk avèk pozisyon li nan Komite sa a oswa Konsèy sa, oswa moun yo te jwenn koupab yon krim ki gen rapò dirèk avèk Komite sa a oswa Konsèy sa a ; ak
 - d. Moun ki nan yon lòt CEC, oswa nenpòt Konsèy Vil.
3. Anplis, moun nou pral site la yo pa elijib pou fè pati Konsèy la :
 - a. Manm Komite pou Règleman sou edikasyon ;
 - b. Moun yo retire nan yon Asosyasyon Paran *Parent Association* (PA), Komite dirijan yon lekòl *School Leadership Team* (SLT), Konsèy Prezidan *Presidents' Council* (PC) Distri, Konsèy Borough pou lekòl segondè, oswa Komite Tit I pou yon move zak ki gen pou wè dirèkteman avèk sèvis l ap ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, oswa komite sa a oswa ke yo rekonèt ki komèt yon krim ki gen pou wè dirèkteman avèk sèvis l ap ofri nan asosyasyon, ekip, konsèy, oswa komite sa a; ak
 - c. Moun ke Fonksyonè ki responsab Etik nan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) oswa fonksyonè ke Chanselye a deziyen pou sa, detèmine ki

¹ Yo defini yon paran kòm yon paran (dapre nesans oswa adopsyon, yon bòpè/bèlmè oswa paran ki akeyi timoun lan pou l viv lakay li), gadyen legal, oswa yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen paran ak yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak gadri yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.

² Tout manm paran ki ofri sèvis li nan CEC a dwe se paran timoun ki nan yon lekòl sou kontwòl distri lekòl kominotè a, oswa paran timoun ki te nan yon lekòl sou kontwòl distri lekòl kominotè a dezan anvan ane l ap ofri sèvis li.

gen yon konfli enterè dapre Lwa Vil Nouyòk sou Konfli enterè.

B. Elèv

Elèv lekòl segondè k ap nan dènye ane lekòl segondè ane y ap ofri sèvis yo, ki abite nan distri lekòl kominotè kote y ap ofri sèvis yo, epi ki se elèv yo eli nan konsèy elèv lekòl yo, kalifye pou sipèntandan kominotè a nonmen yo. Elèv pa bezwen nan lekòl segondè ki nan distri lekòl kominotè kote y ap ofri sèvis yo. Si pa gen elèv dènye ane lekòl segondè ke yo eli nan gouvènman elèv lekòl li, yo ka konsidere elèv nan dènye ane ki gen lòt fonksyon lidèchip (paegzanp, prezidan yon club).

II. **CHWA PARAN KÒM KANDIDA**

- A. Paran ki enterese ofri sèvis yo nan CEC yo ta dwe soumèt yon fòm aplikasyon yo fin ranpli pou deziyen tèt yo kòm kandida sou entènèt nan <http://www.nycparentleaders.org>. Kandida yo ka aplike pou plis pase yon CEC ak/oswa Konsèy Edikasyon Vil *Citywide Education Council* la. Menmsi yo pèmèt kandida soumèt plizyè aplikasyon, yo pa pèmèt yon manm nan plis pase yon konsèy. Pandan epòk aplikasyon, kandida ki aplike pou ofri sèvis yo nan plis pase yon konsèy dwe klase konsèy y ap aplike yo nan lòd yo pito yo. Kandida yo chwazi sou kondisyon pou vin manm nan plis pase yon konsèy ap nan konsèy yo te chwazi anpremye pami konsèy yo chwazi pou yo mete yo sou kondisyon. Divizyon pou Angajman Fanmiy ak Kominote *Division of Family and Community Engagement* (FACE) ap afiche delè pou soumèt aplikasyon sou sit wèb <http://www.nycparentleaders.org>. Paran ki pa gen aksè nan Entènèt ka kontakte FACE pou jwenn yon lis lekòl ak òganizasyon lokal ki ka bay yo aksè nan yon konpitè ki gen koneksyon Entènèt.
- B. Yo mande kandida yo pou mete enfòmasyon nan aplikasyon yo sou chak lekòl ki sou kontwòl distri lekòl kominotè kote pitit yo lekòl kounye a. Y ap konsidere yon reprezantan chak lekòl sa yo kòm yon kandida. Lè yon kandida pa bay enfòmasyon sou chak lekòl kote li se yon reprezantan, sa ka lakoz Chanselye a diskalifye l, si li vle.
- C. Kandida ki vle kalifye pou yon plas nan CEC a ki rezève dapre lalwa pou paran yon timoun ki gen yon pwogram edikasyon endividyèl *individualized education program* (IEP)³ (ke yo rele nan règleman sa a yon “paran IEP”) dwe endike nan aplikasyon l ke l dakò klèman pou mete enfòmasyon pou deklare li se yon paran IEP.
- D. Kandida ki vle elijib pou yon pòs nan CEC a ki rezève dapre lalwa pou paran yon timoun ki se yon ELL⁴ oswa ki te yon ELL dezan anvan (yo rele l nan règleman sa a yon “paran ELL”) dwe endike nan aplikasyon l ke l dakò espesyalman pou revele enfòmasyon konsènan reyalyte ke yo se paran ELL.
- E. Y ap afiche seksyon aplikasyon chak kandida (non, lekòl pitit yo ye, deklarasyon sou fòmasyon yo ak aktivite yo, ak deklarasyon pèsonèl yo sou sit <http://www.nycparentleaders.org> pou paran ak piblik la wè yo. Y ap afiche kondisyon yon kandida kòm yon paran IEP oswa paran ELL si kandida a endike klèman sou aplikasyon li ranpli kòm kandida li dakò pou yo afiche enfòmasyon sa a.

III. **SELEKTÈ**

Moun k ap chwazi paran kòm manm nan chak CEC dwe se twa fonksyonè PA/PTA yo dapre CR A-660 nan chak lekòl distri lekòl kominotè (paegzanp., Prezidan, Sekretè, ak Trezorye).⁵ Prezidan ak fonksyonè PA/PTA ki se kandida nan pwosesis chwa kandida pa dwe kalifye pou vote nan pwosesis chwa kandida a. PA/PTA a ap chwazi yon manm pou vote nan plas chak prezidan oswa manm konsèy egzekitif pou pwosesis

³ Yon timoun ki gen yon IEP se yon elèv yo panse ki gen yon andikanp ki bezwen sèvis Edikasyon espesyal.

⁴ Yon ELL se yon elèv ki enskri nan yon pwogram bileng oswa Angle kòm dezyèm lang *English as a second language* (ESL)

⁵ Nan ka kote gen ko-prezidan, ko-sekretè, oswa ko-trezorye, rès manm komite egzekitif PA/PTA yo ap deside kiyès k ap jwe wòl yon selektè.

chwa kandida a.

IV. PWOSESIS POU FOWÒM KANDIDA.

- A. Nan chak distri lekòl kominotè, Konsèy Prezidan *President's Council* (PC) distri a ap kolabore avèk FACE pou òganize yon Fowòm Kandida kote y ap pèmèt kandida yo chwazi pou CEC a fè prezantasyon ba selektè yo ak lòt paran ak pati ki enterese yo.
- B. Fowòm kandida a dwe fèt apre delè pou soumèt aplikasyon kandida yo fin pase, men li dwe fèt avan selektè yo nonmen yo vote nan dezyèm Madi mwa Me ane y ap fè seleksyon an. PC a ap chwazi yon lokal DOE, dat ak lè ki apwopriye pou Fowòm kandida a, epi l ap pran tout pèmi ki obligatwa pou Fowòm kandida a. FACE ap peye frè pou tout pèmi ki nesèsè yo ak lòt frè ki gen pou wè ak Fowòm kandida a.
- C. FACE ap bay PC a kopi tiliv kandida yo ki espesifik pou distri a ki gen ladan l non ak deklarasyon pèsonèl tout kandida pou CEC nan distri sa a, pou yo distribye nan Fowòm kandida yo. FACE ap bay lòt sipò lojistik pou fowòm kandida yo, lè l nesèsè.

V. PWOSESIS CHWA YO

- A. Seleksyon paran manm (ki ka vote)
 1. Selektè yo dwe antre sou sit <http://www.nycparentleaders.org> pou vote. Depi selektè yo fin antre sou sit wèb la, y ap jwenn yon bilten vòt ki gen non tout kandida pou CEC nan distri yo a. Chak selektè ap vote pou de kandida. FACE ap bay selektè yo enfòmasyon pi detaye konsènan jan pou yo soumèt bilten vòt yo.
 2. Selektè yo dwe, lè y ap chwazi manm pou CEC a, eseye garanti ke :
 - a. pami tout manm yo genyen yon reprezantan ke yo ka konpare avèk moun nan kominote a ak gwoup varye elèv nan distri a, paegzanp elèv sa yo ki gen bezwen edikasyon patikilye ; ak
 - b. yo konsidere kantite elèv ki enskri onivo distri a ak diferans onivo enskripsyon sa a sòti yon lekòl pou ale nan yon lòt.
 3. Sou nèf paran (manm ki ka vote) ki nan pòs nanm nan CEC a, yon paran IEP omwen dwe nan yon pòs, epi yon paran ELL omwen dwe nan yon pòs. Yo ka mete nenpòt lòt paran ki elijib nan lòt sèt pòs yo.
 4. Lè yo fin konte bilten yo :
 - a. Y ap sanse chwazi sou kondisyon sèt kandida ki gen pi gwo kantite vòt yo. Men, okenn lekòl pa ka gen plis pase yon paran kòm reprezantan nan CEC a, eksepte jan yo prevwa l nan Seksyon V.A.4.c. Si yo chwazi plis pase yon kandida nan menm lekòl la, y ap sanse chwazi kandida ki gen plis vòt la. Yo p ap konsidere lòt kandida nan lekòl la ki pa gen anpil vòt, epi y ap sanse chwazi sou kondisyon kandida ki gen plis vòt nan yon lekòl ki pa ko gen yon reprezantan nan CEC a.
 - b. Si yon paran IEP ak yon paran ELL pami sèt kandida ki gen plis vòt yo, epi yo te chwazi yo sou kondisyon, kidonk y ap sanse chwazi sou kondisyon de kandida yo pa te chwazi anvan yo ki gen plis vòt yo pou mete yo nan de lòt pòs nan CEC a. Si yon paran IEP ak yon paran ELL pami sèt kandida ki gen plis vòt epi yo te chwazi yo sou kondisyon, kidonk y ap sanse chwazi sou kondisyon paran IEP a (si pa ko gen yon manm sou kondisyon nan pòs pou paran IEP a) ak paran ELL la (si pa ko gen yon manm sou kondisyon nan pòs paran ELL la) ki gen plis vòt. Men, okenn lekòl pa ka gen plis pase yon paran kòm reprezantan nan CEC a, eksepte jan yo prevwa l nan Seksyon V.A.4.c. Si yo te chwazi sou kondisyon yon paran IEP ak/oswa yon paran ELL ki sòti nan yon menm lekòl antank paran ki te gen plis vòt, yo p ap konsidere ankò paran IEP ak/oswa paran ELL ki sòti nan menm lekòl la, epi y ap sanse chwazi sou kondisyon paran IEP ak/oswa paran ELL ki gen plis vòt apre premye sa yo, ki sòti nan yon lekòl ki pa ko gen reprezantan nan CEC a. Yo ka mete yon kandida ki se yon paran IEP ak yon paran ELL swa nan pòs yo te rezève pou yon paran IEP swa pou yon paran ELL, men pa nan toude.

- c. Yo pa dwe aplike restriksyon yo dekri nan Seksyon V.A.4.a ak V.A.4.b nan sitiyaasyon kote aplikasyon restriksyon yo ap lakòz yo vin chwazi mwens pase nèf paran, oswa vin pa gen paran IEP oswa paran ELL nan pòs CEC a.
5. Sizoka ta gen kandida ki gen menm kantite vòt, oswa si nan kòmansman, yo ta chwazi mwens pase nèf kandida, y ap òganize yon dezyèm chwa kandida. Nan ka sa a, chak selektè ap vote pou yon kandida.
- a. Lè l nesèsè pou fè yon dezyèm tou eleksyon pou yon plas oswa plizyè plas nan yon CEC poutèt gen kandida ki gen menm kantite vòt, se sèl kandida sa yo ki te gen menm kantite vòt yo k ap elijib pou yo chwazi nan dezyèm tou eleksyon an.
- b. Lè l nesèsè pou fè yon dezyèm tou eleksyon paske pa gen yon paran IEP ki gen vòt, sèl kandida sa yo ki se paran IEP ap kalifye pou yo chwazi yo nan dezyèm tou eleksyon pou pòs paran IEP a. Lè l nesèsè pou fè yon dezyèm tou eleksyon paske pa gen yon paran ELL ki gen vòt, sèl kandida sa yo ki se paran ELL ap kalifye pou yo chwazi yo nan dezyèm tou eleksyon pou pòs paran ELL la.
- c. Lè l nesèsè pou gen yon lòt tou eleksyon paske gen pòs ki rete san fonksyonè apre yo aplike restriksyon ki nan Seksyon V.A.4.a ak V.A.4.b kote yo anpeche chwazi plizyè kandida nan yon menm lekòl, tout kandida yo pa t ko chwazi, ki gen pitit ki pa nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CEC a, ap elijib pou yo chwazi nan lòt tou eleksyon an. Si yo pa rive konble tout pòs yo nan dezyèm tou a, y ap aplike lè sa eksepsyon yo tabli nan Seksyon V.A.4.c.
- d. Lè l nesèsè pou fè yon dezyèm tou eleksyon poutèt gen yonn oswa plizyè pòs ki vid pou rezon ki pa yonn nan sa yo presize nan Seksyon V.A.5.a, V.A.5.b ak V.A.5.c, tout kandida yo pot ko chwazi yo ap kalifye pou patisipe nan dezyèm tou eleksyon an.
- e. Si l nesèsè pou fè plizyè tou eleksyon pou yo ka respekte kondisyon ki nan seksyon V.A.5.a, V.A.5.b ak V.A.5.c ak/oswa V.A.5.d pi wo a, y ap fè plizyè tou eleksyon an menm tan men an gwoup separe, kote y ap gwoupe kandida yo dapre kondisyon ki nan Seksyon V.A.5.a, V.A.5.b ak V.A.5.c ak V.A.5.d.
- f. Si nan pwosesis dezyèm tou eleksyon an yo pa rive mete manm nan tout pòs yo, ajan endepandan k ap dirije pwosesis chwa a pou Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) a ap fè tiraj osò pou eli yon manm, dapre menm restriksyon pou kalifikasyon ki genyen nan Seksyon V.A.5.a, V.A.5.b, V.A.5.c ak V.A.5.d pi wo a. Men, nan ka yon kandida pa gen okenn vòt ni nan premye pwosesis eleksyon an ni nan dezyèm tou eleksyon an, ap sanse gen yon pòs vid nan konsèy la kote yo dwe mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A.2 ak IX.A.3 Règleman sa a.
6. Si yon kandida vin pa elijib oswa si yo diskalifye l apre pwosesis chwa a fini 25 jen ane eleksyon an oswa anvan dat sa a, y ap sanse chwazi sou kondisyon kandida ki pa sòti nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CEC a, ki te gen plis vòt pandan premye tou a apre kandida sa a.⁶ Si kandida ki pa elijib la oswa ki diskalifye a se sèl paran IEP ke yo te chwazi, y ap sanse chwazi sou kondisyon paran IEP ki gen plis vòt nan premye pwosesis chwa a e ki pa sòti nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CEC a. Si kandida ki pa elijib la oswa ki diskalifye a se sèl paran ELL ke yo te chwazi, y ap sanse chwazi sou kondisyon paran ELL ki gen plis vòt nan premye pwosesis chwa a e ki pa sòti nan yon lekòl ki deja gen reprezantan nan CEC a. Si kandida ki devan nan pwosesis la jan l dekri pi wo a, vin gen menm kantite vòt, ajan endepandan k ap dirije pwosesis seleksyon an pou DOE ap detèmine gayan an dapre tiraj osò. Si pa gen kandida elijib ki disponib pou chwazi, ap sanse genyen yon pòs vid nan konsèy la kote yo dwe mete yon manm dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon IX.A.2 ak IX.A.3 Règleman sa a.

⁶ Pou kandida ki vin diskalifye apre 25 jen ane yo te eli yo, y ap aplike pwosedi pou pòs vid ki tabli nan Seksyon IX.A.2 ak IX.A.3 Règleman sa a.

7. Dire manda paran manm yo se de ane epi pa gen limit pou kantite manda yo.

B. Manm Prezidan *Borough* a nonmen

Prezidan *Borough* a dwe nonmen de manm ki ka vote.⁷ De manm yo dwe abite nan distri a, oswa gen oswa jere yon biznis nan distri a, epi fè anpil biznis, tranzaksyon komèsyal, oswa gen eksperyans ak konesans nan domèn edikasyon. Manm sa yo sèvi pou yon manda de ane epi yo ka tounen nonmen sèlman pou yon lòt manda de ane.⁸ Kandida k ap chèche pou Prezidan *Borough* a nonmen yo nan yon pòs nan yon CEC dwe pran yon fòm aplikasyon nan biwo Prezidan *Borough* a, epi yo dwe soumèt nan biwo Prezidan *Borough* a fòm aplikasyon an lè yo fin ranpli l.

C. Nominasyon elèv manm (manm ki pa ka vote)

Sipèentandan kominotè a dwe nonmen yon elèv ki nan dènye klas lekòl segondè ki abite nan distri lekòl kominotè a epi ki se yon manm yo eli nan gouvènman elèv lekòl li pou sèvi kòm yon manm nan CEC a ki pa ka vote. Y ap bay Sipèentandan kominotè a yon lis elèv kalifye pou nonmen yonn pami yo. Si pa gen elèv dènye ane yo eli nan gouvènman elèv la ki disponib pou sèvi, Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj *Division of Teaching and Learning* ap ede sipèentandan an detèmine si gen elèv klas dènye ane yo eli nan lòt pòs lidèchip (paegzanp prezidan club) ki abite nan distri a ki disponib. Manda elèv manm lan ap dire yon ane.

VI. KONTWÒL KALIFIKASYON/ELIJIBLITE

Aprè chwa sou kondisyon kandida yo men anvan yo kòmanse fonksyon yo, Chanselye a oswa reprezantan l ap detèmine si kandida yo elijib pou sèvi nan CEC a. Si Chanselye a detèmine ke yon kandida pa elijib, dapre lalwa, y ap mete desizyon Chanselye a alekri disponib pou piblik la gade sou sèt jou depi yo pibliye l nan biwo santral FACE la. Y ap mete ak desizyon sa a rezon legal ak rezon valab lè yo pibliye l. Yo dwe ranplase tout kandida ke Chanselye panse ki pa kalifye avèk kandida ki te vin apre l dapre plis kantite vòt, depi kandida a pa sòti nan yon lekòl ki gen reprezantan deja nan CEC a.

VII. KALANDRIYE

Chwa pou CEC yo dwe fèt nan dezyèm Madi mwa Me 2011 epi apre chak dezan, pou manda yo kòmanse 1^{ve} jiyè apre yo chwazi manm yo. Y ap fè pwosesis pou chwazi manm yo pandan yon peryòd 90 jou. Nan peryòd sa y ap mete tan yo pran pou pibliye pwosesis la, nominasyon paran, fowòm kandida, ak vòt selektè yo fè. Y ap pibliye enfòmasyon jeneral konsènan wòl, fonksyon, ak aktivite CEC yo, epitou tip aplikasyon ak pwosesis chwa a depi Janvyè ane lekòl yo fè pwosesis chwa a. FACE ap presize peryòd tan pou aplike Règleman sa a.

VIII. DEMISYON

A. Paran manm

Paran ki manm yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou bay demisyon yo. Chanselye a nonmen Reprezantan anchèf FACE pou resevwa demisyon yo onon l. Demisyon sa yo dwe efektif dèke yo voye oswa klase yo nan Biwo Fonksyonè anchèf FACE la, amwenske yo espesifye yon lòt dat, pa plis pase 30 jou apre dat yo voye oswa klase lèt demisyon an. Manm yo pa ka chanje lide yo ni anile l, ni modifye l lè yo fin bay demisyon yo, eksepte lè Chanselye a dakò.

B. Moun Prezidan *Borough* a nonmen

Manm Prezidan *Borough* a nonmen dwe ekri Prezidan *Borough* ki nonmen yo a yon lèt pou

⁷ Kondisyon pou elijiblite nan Seksyon I.A.2 ak I.A.3 Règleman sa a aplikab tou pou kandida Prezidan *Borough* nonmen.

⁸ si yo chwazi yon manm pou yon pòs vid nan yon fonksyon Prezidan *Borough* a nonmen pou yon manda limite ki mwens pase dezan dapre Seksyon IX.A.4 Règleman sa a, manda limite sa a pa sanse konte pou kalkile limit manda pou manm Prezidan *Borough* a nonmen, eksepte okenn moun ki te deja sèvi kòm manm Prezidan *Borough* a nonmen pou yon peryòd egal de (2) manda pa dwe elijib pou ranpli yon pòs nan yon fonksyon ke Prezidan *Borough* a nonmen.

bay demisyon yo. Demisyon sa a dwe efektif apati dat yo voye l oswa klase l nan biwo Prezidan *Borough* ki nonmen manm lan, amwenske yo presize yon lòt dat, pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa yo klase l. Manm ki fin bay demisyon yo pa ka chanje lide yo, ni anile sa yo te ekri nan lèt la, ni amande lèt la amwenske Prezidan *Borough* ki te nonmen yo a dakò.

C. Elèv manm

Elèv ki manm yo dwe voye yon lèt ba sipèntandan kominotè a pou bay demisyon yo. Demisyon sa a ap efektif apati dat yo voye l oswa yo klase l nan biwo sipèntandan kominotè a, amwenske yo presize yon lòt dat, pa plis pase 30 jou apre dat yo voye lèt la oswa yo klase l. Manm ki bay demisyon yo pa ka chanje lide, ni anile sa yo te ekri nan lèt demisyon an, ni amande lèt la amwenske sipèntandan kominotè ki te nonmen yo a dakò.

IX. PÒS VID

A. Pòs paran manm ak Pòs Prezidan *Borough* a gen pou nonmen yon moun

1. Yon manm CEC ki refize oswa neglije ale nan twa reyinyon CEC pandan manda yo, san avize kòm sadwa, san bay yon eskiz valab, pèdi pòs la.⁹ Yo dwe mete nan pwosè vèbal ofisyèl reyinyon sa a chak manm ki absan ak tout eskiz manm sa yo ekri pou bay. Asistan administratif la oswa Prezidan Konsèy la ta dwe rapòte ba Prezidan *Borough* a tout absans manm ke Prezidan *Borough* a nonmen. Apre twazyèm absans manm lan san l pa bay eskiz, CEC a dwe deklare pòs la vid poutèt manm lan pa ranpli obligasyon l, nan yon reyinyon kalandriye Konsèy la, epi CEC a dwe avize Chanselye a (oswa Prezidan *Borough*, lè l apwopriye) konsènan aksyon l.
2. Lè gen yon pòs paran ki vid nan CEC a, CEC a dwe mete yon manm nan pòs vid la pou rès manda ki poko ekspire a nan yon reyinyon piblik. Yo dwe bay Konsèy Prezidan distri lekòl kominotè a ak lòt gwoup edikatif opòtinite pou fè rekòmasyon pou moun y ap mete nan pòs vid paran, ak pou yo chita pale avèk CEC a anvan yo mete yon manm nan pòs la. Si pòs vid sa a lakòz pa gen omwen yon manm ki se yon paran ELL oswa yon manm ki se yon paran IEP nan CEC a, CEC a dwe chwazi yon paran ki gen kalifikasyon sa a pou mete l nan pòs vid la. Anvan CEC a chwazi yon paran IEP oswa yon paran ELL pou mete nan pòs vid la, li dwe chita pale avèk Konsèy Vil la pou Edikasyon Espesyal *Citywide Council on Special Education* (CCSE) oswa Konsèy Vil pou Elèv k ap aprann lang angle *Citywide Council on English Language Learners* (CELL). Tout moun ki enterese pou pran yon pòs paran ki vid nan CEC a dwe ranpli yon fòm aplikasyon. Yo ka jwenn aplikasyon an nan CEC a oswa nan FACE.
3. Si CEC a pa rive mete yon manm nan pòs vid la sou 60 jou apre yo deklare manm yo eli yo gen menm kantite vòt, Chanselye a ap vote pou gen yon vòt anplis pou elimine menm kantite vòt la. Si CEC a pa rive mete yon manm nan pòs la sou 60 jou pou nenpòt lòt rezon, Chanselye a dwe bay CEC lòd pou l mete yon manm nan pòs vid la dapre Seksyon 2590-I Lwa sou Edikasyon.
4. Lè Prezidan *Borough* a nonmen yon manm epi pòs la vin vid, Prezidan *Borough* a dwe nonmen yon manm pou sèvi pandan rès manda ki po ko ekspire a. Kandida k ap chèche gen pòs vid manm Prezidan *Borough* nonmen an, dwe pran yon aplikasyon nan biwo Prezidan *Borough* a, epi li dwe soumèt aplikasyon an lè l fin ranpli l nan biwo Prezidan *Borough* a.

B. Pòs vid elèv manm

Nan ka gen yon pòs vid elèv, sipèntandan kominotè a dwe nonmen yon lòt elèv dènye ane

⁹ Rezon sa yo reprezante eskiz valab pou absans : lanmò yon moun nan fanmi manm lan oswa prezans li nan antèman yon moun nan fanmi li, maladi oswa chòk grav manm CEC a oswa yon moun nan fanmi manm lan pran nan yon aksidan, lòd tribinal pou l prezante l pægzanp pou ranpli obligasyon l kòm manm nan jiri ; travay militè ; konfli ki gen pou wè ak travay ki fè manm lan oblije absan nan reyinyon CEC ak lòt rezon CEC a jije apwopriye.

lekòl segondè ki sou lis elèv elijib pou sèvi pandan rès manda ki po ko ekspire a. Sipèentandan an ap enfòmè FACE ak CEC konsènan moun li deziyen an.

X. PWOSESIS POU POTE PLENT

Yo dwe voye yon lèt ba Chanselye a pou pote plent osijè moun ki pa respekte Règleman sa a sou senk (5) jou apre swadizan vyolasyon an, epi yo dwe mete nan lèt la rezon espesyal pou plent lan.

XI. ASISTANS TEKNIK

FACE pral kontwòle aplikasyon pwosedi ki nan Règleman sa a, epi l ap bay asistans teknik lè l nesesè.

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, ou dwe konsidere rele :

Telefòn :
212-374-2323

Divizyon pou Angajman Fanmi ak Kominote
N.Y.C. Department of Education
49 Chambers Street – Room 503
New York, NY 10007

Faks :
212-374-0076